

Konsèy pou Fè yon Tès Lakay



- **Tcheke dat ekspirasyon tès la.** Pa sèvi ak tès ki ekspire oswa ak pati nan tès la ki domaje oswa ki dekolore.
- **Li enstriksyon sou bwat la.** Swiv etap yo avèk prekosyon epi nan lòd yo liste a. Si ou pa fè sa, rezilta tès ou gendwa pa kòrèk.
- **Pa louvri tisak tès yo anvan ou pare pou kòmanse.** Dezenfekte tab la oswa lòt sifas kote ou pral fè tès la.
- **Anvan ou pran echantyon an, lave men ou ak savon epi dlo.**
- **Pa itilize yon lòt fwa tisak oswa pati nan tès la.**
- **Lave men ou lè w fini.**

Lekti Rezilta Tès ou yo

- **Tès lakay gendwa mwens presi pase tès yon founisè swen sante fè.** Se pou sa, nan sèten sitiyasyon, ou gendwa bezwen fè yon lòt tès COVID-19 pou konfime rezilta a (sa yo rele yon tès *ki bay konfimasyon*¹).

Rezilta Tès Lakay		Kisa pou w fè
Si rezilta tès ou pozitif		Mete w apa lòt moun pandan 10 jou , kite founisè swen sante w konnen si ou teste pozitif, epi enfòmè moun lakay ou ak moun ou an kontak etwat ² avèk yo ke ou teste pozitif. Yo ta dwe mete kò yo apa de lòt moun epi fè tès la, si sa nesèsè.
Si rezilta tès la negatif epi...	Ou gen sentòm COVID-19 ³	Mete w apa lòt moun pandan 10 jou epi fè yon tès ki bay konfimasyon.
	Ou pa gen okenn sentòm epi ou te an kontak etwat ak yon moun ki gen COVID-19	Si ou pa vaksinen nèt: mete w apa de zòt yo pandan 10 jou. Ou kapab mete w apa pandan 7 jou si ou resevwa yon rezilta tès ki negatif ki soti nan swa yon tès ki bay konfimasyon omwen senk (5) jou aprè ou te an kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 oubyen nan yon dezyèm tès lakay. (Si ou fè 2 tès lakay, premye tès ou dwe fèt 5 jou aprè ou te ekspoze, epi 2zyèm tès la dwe 24èdtan aprè premye tès ou an oubyen pi lontan toujou, konfòmeman ak enstriksyon fabrikan an.) Si ou vaksinen nèt⁴ oubyen ou refè aprè ou te malad ak COVID-19 nan 3 mwa ki sot pase yo: ⁵ ou pa bezwen fè anyen. Si ou gen sentòm, refè tès la.
	Ou pa gen okenn sentòm epi ou pa t ekspoze dènyèman ak yon moun ki gen COVID-19	Ou pa bezwen fè anyen.
Si ou resevwa yon rezilta ki pa valab oswa yon erè nan tès la		<ul style="list-style-type: none"> • Swiv enstriksyon yo ki make sou bwat la • Si ou gen sentòm COVID-19 oubyen ou te an kontak etwat ak yon moun ki enfekte ak COVID-19, fè yon lòt tès.

Eskane isit pou jwenn lòt lang



¹Yon **tès ki bay konfimasyon** se yon tès molekilè, tankou yon tès PCR oubyen yon tès antijèn yo bay nan yon etablisman swen sante, tankou nan klinik yon doktè, nan yon famasi, nan yon klinik swen ijan oswa nan yon sant tès COVID-19. Yon tès ki soti nan yon laboratwa ki itilize echantyon nan tisak tès lakay kapab konsidere tou tankou yon tès ki bay konfimasyon.

²**Kontak etwat** siyifinan yon distans 6 pye (2 mètr) oswa pititi ak yon moun ki gen COVID-19 pandan 10 minit oswa pi lontan, pandan yon peryòd 24èdtan. Si ou **gen sentòm**, kontak etwat siyifi nan 2 jou oplita anvan sentòm ou yo te parèt. Si ou **pa gen okenn sentòm**, kontak etwat siyifi nan 2 jou oplita anvan ou te teste pozitif.

³**Sentòm COVID-19** yo gen ladann lafyèv, frison, touse, souf ki kout, difikilte pou respire, fatig, doule nan misk oswa nan kò, maltèt, pèdi kapasite gou oswa sant, gòj fè mal, konjesyon, nen k ap koule, kèplen, vomisman ak dyare.

⁴**Vaksinen nèt** siyifi ou te resevwa, **omwen 2 semè desa:**

- Dezyèm piki yon vaksen 2 dòz, tankou Pfizer-BioNTech oswa Moderna
- Yon sèl piki yon vaksen yon sèl dòz, tankou Johnson & Johnson/Janssen.

⁵Aprè ou resevwa yon rezilta pozitif nan yon tès dyagnostik COVID-19, **twa (3) mwa konvalesans depi ou refè a** y ap mezire yo apatide dat lè sentòm COVID-19 yo te parèt pou premye fwa oubyen si ou pa te gen sentòm, apatide dat premye tès dyagnostik pozitif ou an.